

Fòmilè Kontestasyon pou Rekòmandasyon Depatman Enpo ak Finans Eta New York la

- Sèvi ak fòmilè sa a pou konteste ranvwa kont pansyon alimentantè pou timoun ou an bay Depatman Enpo ak Finans (Department of Taxation and Finance, DTF) Eta New York la.
- Ranpli epi soumèt fòm sa a bay Inite Koleksyon Sipò (Support Collection Unit, SCU) a **nan espas karannsenk (45)** jou ki vini apre dat ki nan avi ki enkli ladan.
- Yo pral voye yon detèminasyon sou defi w la ba ou nan espas swasannkenz (75) jou apati dat ki nan avi ki enkli ladan.

Mwen vle konteste rekòmandasyon ka mwen an bay DTF paske (tcheke tout kare ki aplikab yo):

1. Mwen pa moun ke yo idantifye ki dwe pansyon alimentantè, jan nou ka wè sa nan:
- yon kopi pèmi kondui m oswa kat idantite m
 - yon kopi paspò m oswa kat Sekirite Sosyal mwen
 - lòt _____
2. Mwen pa genyen okenn lòd tribinal ki egzije pou m peye yon pansyon alimentantè, oswa lòd pou peman pansyon alimentantè m nan te anile, fini oswa tribinal la pa t janm anrejistre l epi m pa dwe okenn aryere pansyon alimentantè, jan dokiman sa yo pwouve l:
- yon kopi lòd tribinal la ki anile oswa ki mete fen ak peman pansyon alimentantè m nan
 - lòt _____
3. Kantite lajan yo montre ke mwen dwe a pa kòrèk e/oswa pa egal omwen kat mwa pansyon alimentantè, jan dokiman sa yo pwouve l:
- yon kopi (fas ak do) yon chèk ki anile oswa yon manda bankè ke ajans sipò pou timoun yo te depoze men ki pa kredite sou kont mwen.
 - dokimantasyon ki sipòte reklamasyon m ki fè konnen yo pa t byen kalkile pansyon alimentantè m nan
 - yon kopi lòd tribinal la ki modifiye lòd pou pansyon alimentantè m nan oswa ki fikse sòm lajan m dwe a
 - lòt _____
4. Mwen resevwa asistans tanporè, asistans medikal, Pwogram Asistans Nitrisyon Siplemanntè (Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP) Avantaj (SNAP) yo (ansyen kupon alimentantè), oswa Revni Sekirite Siplemanntè (Supplemental Security Income, SSI), kòm sipòte pa:
- yon kopi kat avantaj mwen an
 - yon kopi lèt ki verifiye avantaj m ap resevwa yo
 - lòt _____

Lòt kòmantè yo:

Idantifyan Dosye New York: _____ Nimewo Sekirite Sosyal: _____ - _____ - _____
Non (enprime): _____ Telefòn: (_____) _____
Sinyati: _____ Dat: _____